## LAM BU DIIS

**CEERNO SEYDU SÀLL**

Puukare, maa di lawbe

Puukare, maa di gawlo

Nga toog ci sa mbaar

Tëggal ma lam bu diis

Suy ci deretu gor

Ngir jamono yëkkati sama tur

Yéege ma juróom-ñaareelu asamaan

Maa ngi nii daanu

Sama ndigg li damm

Bor daldi gas sama bàmmeel

Jiite mbooloo mi may waaj a rob

Robaale doomi-Bor

Ak sëti-Bor

Woykat yi ma daan joobe

Ñoo ma fentaloon woy naan :

« Jamono ci yax bu réy la jóge

Tey jii  deret mooy alal »

Maa ngi nii ndóol be

Ñu ni lawbe ak géwél

Ñooy samay way-jur

Lam bu diis ba

Dindee nañu ko ci sa loxo

Takk ci sagar

Puukare, yaa di gisleen ma

Moone ya raw guddi gu lëndëm këriis